

Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ETABLI DOKIMAN LWA SOU DWA SIVIVAN ASÈLMAN
SEKSYÈL YO**

***Li Siyen Pwojè Lwa pou Bay Sivivan yo Konesans sou Dwa yo Genyen a Swen a
Tretman yo***

***Li Asire Sivivan yo Enfòmè sou Rezilta Tès ADN yo epi yo Notifye Anvan Yo Detwi
Twouso Evidans Asèlman Seksyèl yo***

***Li Ap Ajoute sou Rekò Gouvènè a Genyen nan Sipòte Sivivan Asèlman Seksyèl
yo, Ki Enkli Netwaye Rejis Twouso Vyòl Ki Pa Teste yo epi Pwolonje Dire
Konsèvasyon Twouso Evidans Ki Pa Teste yo rive 20 Ane***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a pwojè lwa (A.8401-C/S.8977) pou etabli yon domiman lwa sou dwa sivivan asèlman seksyèl yo. Nouvèl lwa a mande Depatman Sante a (Department of Health), an konsiltasyon ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl lan (Division of Criminal Justice Services), Biwo Sèvis pou Viktim yo (Office of Victim Services), ansanm ak lòt pati ki konsène yo, pou etabli yon domiman lwa sou dwa sivivan asèlman seksyèl yo nan objektif pou ka enfòmè sivivan yo sou dwa yo genyen sou lwa eta a. Notifye viktim yo sou dwa legal yo pral ede asire ke sivivan yo mande epi resevwa enfòmasyon ke yo bezwen pou eksplwate sistèm medikal ak jistis kriminèl ki konplike yo.

“Pandan gouvènman federal la ap inyore yon fason wonte vwa sivivan asèlman seksyèl yo, New York ap fè tout sa ki nan pouvwa nou pou bay sivivan yo mwayen epi asire ke yo trete ak diyite ak respè”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè lwa sa a pral sipòte travay nou ap fè pou konbat flewo atak ak asèlman seksyèl yo, ede bay jistis pou sivivan yo epi fè New York vin yon eta ki pi sekirize pou tout moun.”

“Nou dwe kontinye batay pou chanje kilti a epi kreye yon anviwònman ki sekirize pou fanm yo ka revele tèt yo epi jwenn konfyans”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou vle asire ke sivivan asèlman seksyèl yo okouran de swen ak tretman ki disponib pou ede yo nan pwosesis rekiperasyon an. Nan New York, nou ap franchi etap ki enpòtan pou asire sekirite viktim yo ak yon anviwònman ki sekirize pou tout fanm yo. Dokiman lwa sa a pou sivivan asèlman seksyèl yo ap ajoute sou efò nou ap fè yo pou konbat asèlman seksyèl epi ranfòse opòtinite egal ego pou tout moun New York yo.”

Dokiman lwa sou dwa yo gen ladan dwa a:

- Konsilte yon òganizasyon asistans pou kriz oswa viktim vyòl yo;

- Sèvis swen sante ki apwopriye ki gratis yo; epi
- Resevwa dènne enfòmasyon sou twousò evidans enfraksyon seksyèl yo ak sitiyasyon dosye yo.

Dokiman lwa a ap egzije tout ajans fòs lapolis yo pou adopte politik yo ki ap ede yo kominike yon fason efikas ak sivivan yo epi li ap kreye yon Dwa Avi pou Viktim yo (Victim's Right to Notice), ki ap pèmèt yon sivivan mande enfòmasyon sou twousò evidans enfraksyon seksyèl yo nan ajans lapolis oswa ajans jidisyèl yo ki gen jiridiksyon sou krim lan.

Aksyon Gouvènè a ap poze jodi a pral kreye pi gwo transparans ak responsabilite nan pwosesis medikal ak jistis kriminel yo, epi ede asire ke tout sivivan asèlman seksyèl yo trete ak dinyite, konpasyon ak respè. Domiman Lwa sou Dwa Sivivan Asèlman Seksyèl yo pral imedyatman jwenn otorizasyon ak enstwiksyon pou konplete nan dat oswa anvan dat pwojè lwa a antre an vigè, ki nan 180 jou.

Pwojè lwa sa a ap ajoute sou rekò Gouvènè Cuomo genyen nan sipòte sivivan asèlman seksyèl yo, ki gen ladan netwaye rejis twousò evidans asèlman seksyèl yo epi mandate pou ke twousò evidans asèlman seksyèl ke yo fèk jwenn yo - ak konsantman sivivan an - teste pa fòs lapolis yo nan yon fason ki akselere. An plis, nan kad Bidjè Ane Fiskal 2019 lan, Gouvènè Cuomo te adopte yon pwojè lwa pou pwolonje peryòd dire tan ke yo prezève twousò koleksyon evidans enfraksyon seksyèl yo soti 30 jou pou rive 20 ane, sa ki ap bay jistis pou sivivan yo.

Senatè Kemp Hannon te deklare, “New York ap mennen nan nasyon an nan batay pou pwoteksyon pou viktim asèlman seksyèl yo, epi ak siyati Gouvènè a jodi a, nou te fè yon pa annavan majè nan asire ke yo jwenn pi bon tretman posib. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt li fè mezi sa yo vin yon reyalite epi poutèt li sipòte sivivan ki nan New York yo”.

Manm Asanble Aravella Simotas te deklare, “Se yon gwo jou ki ap mete an plas yon pwoteksyon ki manke pou sivivan asèlman seksyèl yo epi pote plis konpasyon nan repons fòs lapolis yo pou sivivan yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Cuomo poutèt li adopte nouvel lwa sa a, pou defansè yo ke devouman ak kolaborasyon yo te fè sa reyalize epi anvè Kemp Hannon, kòlèg mwen nan Sena Eta a ki te sipòte dokiman lwa a nan palman sa a. Mwen fyè dèske nou te ka travay ansanm pou yon rezon enpòtan konsa a”.

Amanda Nguyen, Fondatris ak Direktris Egzekitif Jeneral Rise ak Nomine Pri Nobèl Lapè 2019 lan, te deklare, “New York ap mennen ak tandans lan epi rete kòm yon egzanp pwoteksyon pou sivivan yo nan lòt eta yo atravè peyi a. Ekip Rise lan ansanm ak mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Cuomo nan siyen dokiman lwa enpòtan sa a epi kanpe bò kote 6.8 milyon sivivan asèlman seksyèl yo nan New York. Nou, an plis, apresye lidèchip ak sipò Manm Asanble Simotas ak Senatè Hannon ki ap entwodwi pwojè lwa krisyal sa a ak angajman yo pran nan ede mouvman sa a gaye”.

Ilse Knecht, ki se Direktris Politik ak Defans Joyful Heart, te deklare, “Joyful Heart Foundation rekonesan anvè esponsò yo ki se Manm Asanble Aravella Simotas ak Senatè Kemp Hannon poutèt lidèchip yo sou dokiman lwa enpòtan sa a, epi anvè

Gouvènè Cuomo poutèt li siyen dokiman lwa sou dwa viktim yo ki nesèsè a pou vin tounen lwa. Nan kodifye dwa sa yo sa ap asire ke sivivan yo ki toupatou nan eta nou an, soti nan Brooklyn rive Buffalo, pral gen enfòmasyon sou sitiyaasyon ak lokasyon twousò vyòl yo, enfòmasyon ke rechèch nou yo te montre ka enperatif pou gerizon sivivan yo. Nou angaje nan kolaborasyon ki ap kontinye ant Gouvènè a, Kò Lejislatif lan, otorite toupatou nan eta a, avoka yo, ak patnè alontèm nou yo, san ki efò sa a pa ta pral vin posib, pou asire ke sivivan yo jwenn tout opòtinite pou jistis”.

Selena Bennett-Chambers, ki se Direktris Politik nan Kowalisyon Kont Asèlman Seksyèl (Coalition Against Sexual Assault) nan Eta New York, te deklare, “Nou aplodi Gouvènè Cuomo ansanm ak Kò Lejislatif Eta New York lan poutè yo adopte pwojè lwa sa a pou vin lwa. Rapò resan sou sivivan vyolans seksyèl ke divès lopital ap faktire yon fason ki pa apwopriye pou egzamen vyòl lejis yo sipòte nesèsite pou gen lwa sa a. An plis, lè nou bay sivivan vyolans seksyèl yo dwa pou yo resevwa enfòmasyon sou sitiyaasyon twousò yo nan men yon ajans lapolis oswa jidisyè ke yo chwazi, ki fòme nan pote repons pou twoma ak viktim yo, sa se yon gwo pa nan bòn direksyon an. Yo ta dwe sipòte sivivan vyolans seksyèl yo nan konnen dwa yo epi yo dwe konsève dwa yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)